

Kèk mwayen byen senp pou evite pinèz lè w ap demenaje ak lè w ap estoke atik nan depo

Se yon bon lide pou pran sèten prekosyon byen senp lè w ap demenaje oswa mete bagay nan depo pou anpeche pinèz pran woulib sou tèt ou. Si w pran sèten prekosyon lè w fèk rantrè nan yon kay, sa kapab ede anpeche pinèz anvayi kay la pi devan.

Avan w demenaje

- o Èske genyen pinèz nan kay kote ou ye koulye a ? Si w deja genyen pinèz oswa ou pa sèten si w genyen, al tcheke gid yo rele Kouman pou debarase w de pinèz ak anpeche yo anvayi san danje (*Preventing and Getting Rid of Bed Bugs Safely*) sou sit la.
- o Èske gen apatman ki nan imèb la ki te genyen pinèz ladan l nan ane ki sot pase a - poze kesyon sou sa lè w ap siyen kontra lokasyon an. Li fòm yo rele « Avi pou lokatè sou revelasyon istwa anvayisman pinèz » (*Notice to Tenant Disclosure of Bed Bug Infestation History Form*) sou sit http://www.dhcr.state.ny.us/AboutUs/Offices/HousingOperations/2010_B07.pdf
- o Avan w rantrè nan apatman an tcheke toupatoou nan kay la ak yon flach pou wè si ou remake pinèz.
- o Si ou remake nenpòt pinèz (oswa nenpòt lòt pwoblèm) al pale ak pwopriyetè kay la osijè de fè kontwòl ensèk nuizib avan w rantrè nan kay la. Si se oumenm ki pwopriyetè kay la, peye yon pwofesyonèl ki okipe zafè jesyon ensèk nuizib pou li enspekte epi tretè kay la avan w demenaje, si sa nesèsè.

Preparasyon demenajman an

- o Itilize materyèl anbalaj nèf depi li posib. Si w ap sèvi ak bwat ke lòt moun te deja itilize, enspekte yo dabò ak prekosyon avèk yon flach pou wè si w detekte pinèz.
- o Si ou pran yon pwofesyonèl demenajman oswa ou lwe yon kamyon pou demenaje, mande konpayi a si yo konn tcheke pou wè si gen pinèz ladan l e chak konbyen tan yo fè sa.
- o Si oumenm oswa moun k ap demenaje w yo itilize lenn pou vlope mèb yo, asire w ke lenn yo te netwaye oswa dezenfekte avan.
- o Si se yon kamyon demenajman ou lwe, tcheke l oumenm pèsònèlman avan w mete afè w ladan l.

Estokaj

- o Avan w mete afè w nan depo, mande chak konbyen tan yo tcheke depo a pou pinèz. Si sa posib, fè koudèy nan kote depo a ye a oumenm avèk yon flash. Eseye estoke bagay ou yo nan resipyan anplastik oswa sache ki kapab sele. Si sache a chire, sele dechiri a ak tep yo sèvi pou kondui ayerasyon yo.
- o Tcheke atik yo byen lè w ap retire yo nan depo a.
- o Lave rad ou yo imedyatman jan w abitye lave nòmalmman. Si w sispèk genyen pinèz, lave atik ou kapab lave yo epi seche yo nan pi wo degre tanperati a pandan apeprè 20 minit. Drayklinin ak netwayaj avapè va tiye pinèz ki nan rad (e menm sa ki nan malèt antwal) ki pa kapab lave epi seche ak anpil chalè.